

SHONA PRACTICE PAPER 1
GRADE 7 SHONA PAPER 2
GRADE 7 2020

CHIKAMU CHOKUTANGA (20 marks)

CHIKAMU CHECHIPIRI: NZWISISO (10 marks)

Verenga zvinotevera ugopindura mibvunzo

Rimwe gore mvura yomunakamwe iya inowanzo naya pamavambo emwaka wezhizha yakatadza kuturuka. Asi mumwedzi yose yaMbudzi, Zvita, naNdira vanhu vaivimba kuti kuchanaya. Bva-mvura yakarambira mudenga. Nokudaro huswa hwezvipfuwo hwakatadza kumera. Mwaka wamasutsa wakatevera hapana munhu akapinda mumunda. Vanhu nemhuka vakatarisana nenzara huru.

Mumwedzi yaBandwe, Chikumi na Chikunguru chando chakarova miti ikaoma ikasiya nyika yave pamhene Muchirimo zuva rakapisa nzizi dzikaoma matsime akapwa. Mhuka dzakatanga kufa nenzara nenyota. Shiri dzakawana nzou yakafa yoga mugwenga.

Pindura mibvunzi inotevera uchishandisa zvirevo zvizere.

1. Mvura inowanzonaya pamavambo emwaka wezhizha inonzi chii?
2. Gore rinemwaka mingani?
3. Nderipi izwi ririmundima rinoreva zvimwechete nokuti kunaya?
4. Chii chakatadza kumera nokuda kwokushaikwa kwemvura/
5. Vanhu vanokohwa mwaka upi.
6. Chando chakarova mumwedzi upi?
7. Akanga akatarisana nenzara huru ndiani?
8. Zvinorevei kuti pamhene?
9. Nzou yakawanikwa yakafa kupi?
10. Kubva pane zvawaverenga unofunga kuti nzou yakafa nei?